

Avi sou Dèt ki Pa Verifye¹

Dat:	Nimewo Lisans DCWP, si sa aplikab:
Non Legal Biznis Moun k ap Rekipere Dèt la:	
Adrès Lokal Biznis la:	
Nimewo Telefòn Biznis la:	Adrès Imèl Biznis la:

Non Konsomatè a:
Adrès Konsomatè a:
Nimewo Kont Konsomatè a pou Dèt la:

Remak: Tèm « nou » ak « nou menm » yo fè referans ak Moun k ap Rekipere Dèt ki site anwo a.

Nan dat _____, nou te resevwa kontestasyon ou oswa demann ou pou verifye
[Dat]

dèt yo mansyone anwo a. Lwa NYC egzije nou bay dokiman espesifik ki konfime validite dèt la nan 60 jou.

Nou pa t kapab verifye dèt la nan delè yo egzije a. Ou ap resevwa avi sa a an angle ak nan tout lòt lang nou te itilize pou kominike avèk ou sou dèt sa a.

Enfòmasyon Enpòtan sou Dwa Ou kòm Konsomatè nan Vil New York

- Nou dwe sispann efò rekouvremant sou dèt sa a ki pa verifye. Nou p ap kontakte ou ankò konsènan kont sa a.
- [Mete sa si biznis ou te rapòte enfòmasyon negatif bay yon ajans rapò sou konsomatè]*
Nou te rapòte enfòmasyon negatif sou dèt sa a bay yon ajans rapò sou konsomatè. Nou te voye yon mizajou pou montre dèt la ap konteste. Gade dat ki anba yo. N ap bay ajans rapò sou konsomatè a yon kopi Avi sou Dèt ki Pa Verifye sa a tou si yo mande li.

Dènye Dat Rapò Enfòmasyon Negatif la	
Dat Mizajou a te Voye	

- Kenbe Avi sou Dèt ki Pa Verifye sa a.** N ap kenbe avi sa a tou nan dosye kont ou. Bay yon kopi avi sa a bay nenpòt lòt moun k ap rekipere dèt ki ap eseye rekipere sou kont sa a.

¹ Avi sou Dèt ki Pa Verifye pou Ajans Rekouvremant Dèt ki pa Kreyansye Orijinal oswa Kreyansye ki te Bay Dèt la okòmansman, jan sa defini nan 6 RCNY 5-76.

- Dapre Lwa NYC, okenn lòt moun k ap rekipere dèt pa ka rekòmanse rekiperasyon sou dèt sa a ki pa verifye sof si yo ba ou dokiman ki verifye validite dèt la.
- N ap transfere Avi sou Dèt ki Pa Verifye sa a si nou vann oswa bay dèt la, mete kont sa a nan men yon avoka pou pouswiv lajistis, oswa si nou retounen kont la bay yon kreditè, pwopriyetè dèt la, oswa yon lòt antite ki te mete kont la lakay nou.

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè NYC (NYC Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) kontwole pratik rekiperasyon dèt nan Vil New York. Ale sou nyc.gov/dcwp pou plis enfòmasyon, tankou Glosè Tèm Komen sou Rekouvremant Dèt ak Deklarasyon Dwa Konsomatè, oswa pou depoze yon plent.